

Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE DEZYÈM ANE NAN PI GWO EKSPANSYON RESIF
ATIFISYÈL NAN ISTWA ETA NEW YORK**

***Deplwaman ki Fèt nan Resif Fire Island ak sis (6) Lòt Resif yo Pral Kontinye Efò
Eta a pou Bay Nouvo Abita Maren, Ankouraje biyodivèsite epi Restore Resous
Lapèch yo.***

***Pwogram Resif Atifisyèl New York la Estimile Ekonomi Long Island Atravè Plis
Opòtinite Pou Lapèch, Touris ak Rekreyasyon***

Gouvènè Cuomo Rekonèt Tou 90yèm Anivèsè Jones Beach

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo lanse dezyèm ane nan pi gwo ekspansyon resif atifisyèl nan istwa Eta New York, kad inisyativ kontinyèl Eta a pou devlope yon ekosistèm maren pi fò, pi divès epi ofri abri pou pwason ak lòt vi lanmè bò kòt New York yo. Jodi a, Gouvènè a deplwaye materyèl resikle nan Resif Fire Island ki soti nan Staten Island Expressway, Kew Gardens ak pon Kosciuszco yo, Erie Canal ak bato asye retrete Kò Enjenyè nan Lame Amerikèn nan (U.S. Army Corps of Engineers) M/V HUDSON, ki pral kreye yon nouvo abita maren. Materyèl pou agrandisman resif jodi a - ansanm ak sis (6) an plis te anonse pou ane sa a nan Atlantic Beach, McAllister Grounds, Yellowbar, Kismet, Matinecock ak Twelve Mile - pral plase estratejikman pou amelyore lavi maren divès New York la epi ranfòse lapèch pou lwazi ak espò ak endistri plonje Long Island yo.

"Eta New York ap fè plis pase nenpòt eta nan Etazini nan kad chanjman klimatik ak pwoteksyon anviwònman an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Resif yo bon anpil pou anviwònman ak ekonomi an, epi nouvo resif yo ki te kreye anba pwogram konplè resif atifisyèl nou yo deja gen anpil siksè. Nou pral kontinye siksè sa a avèk ranfòsman resif Fire Island lan ak yon varyete de materyèl, epi montre New York, ak Long Island an patikilye, ka epi yo pral egzanp pou demontre ki jan yo bati yon ekonomi ekolojik ak yon anviwònman ekolojik pou rès nasyon an."

Sou òdonans Gouvènè Cuomo an [Avril 2018](#), epi ak kowòdinasyon san presedan ant plizyè ajans, materyèl ki resikle ki soti nan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA)/Canal Corporation, ak Otorite Thruway la (Thruway Authority) pami lòt patnè epi ap sèvi pou nouvo itilizasyon epi ede [devlope sit resif atifisyèl New York yo](#).

Resif Fire Island lan ki mezire 301 ekta, sitiye a 3.2 kilomèt de rivaj la epi ki gen yon pwofondè 62-73 pye, se pi resan resipya materyèl ki enkli:

Soti nan Kò Enjenyè Lame Amerikèn lan:

- Bato an asye Kò Enjenyè Lame Amerikèn a M/V HUDSON. Konstui an 1963, HUDSON M/V te sèvi nan anpil efò sekou pandan tan li nan lanmè epi mezire prèske 53 pye nan longè epi peze 19 tòn. Karyè louwab li enkli reponn lè gen aksidan elikoptè ak avyon, kolekte echantiyon lapèch ak kalite dlo ak echantiyon sediman pou sipòte travay kiraj antretyen navigasyon, ak apwofondisman resan Pò New York ak New Jersey a 50 pye, sa ki pèmèt rejyon an kontinye rivalize nan mond komès entènasyonal la.

Soti nan Staten Island Expressway DOT a, pon Kew Gardens nan Queens ak seksyon pon Kosciuszko yo, prèske 1000 tòn materyèl, enkli:

- Pout pon an asye 20 a 60 pye nan longè;
- Tiyo an asye ki varye nan gwochè ant 20 a 40 pye nan longè;
- Estrikti siy an asye 50 pye nan longè; ak
- 10 pyès tou levaj an asye 10 to 15 pye nan longè.

Soti nan NYPA/Canal Corporation:

- Yon pòtay tainter 30 pye;
- Seksyon relvaj pon jiska 34 pye;
- Pòtay fèmti 33 pye; ak
- Sis (6) poton an asye 20 pye.

Deplwaman jodi a ajoute nan [Inisyativ Resif Atifisyèl](#) Gouvènè Cuomo a, kote yon efò san parèy ap deplwaye gwo volim materyèl resikle yo te netwaye pou retire kontaminan ki soti nan Otorite Thruway Eta New York la (ansyen materyèl pon Tappan Zee), NYPA/Canal Corporation (bato Erie Canal ak de (2) tibin), DOT (bandaj asye, tiyo ak wòch) ak Depatman Transpò Vil New York la (pati pon City Island) pou ale sou sit Resif New York yo an 2018. Pwogram resif atifisyèl Depatman Konsèvasyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, ki jere [12 resif atifisyèl eta a](#) (de (2) resif nan Long Island Sound, de (2) nan Great South Bay ak uit (8) nan Oseyan Atlantik) te deplwaye tou yon waf, sipò pon beton ak baryè beton soti nan Ponlevi Mill Basin ki pa an sèvis ankò pou rive nan Resif Hempstead an [Janvye](#) ak [Fevriye](#) 2019.

Materyèl deplwaye sou Resif Fire Island lan [an 2018](#), enkli:

- 4,700 tòn wòch dig;
- 1,808 yad kib pon woutye an beton Tappan Zee, pil tiyo ak moso sibstrikti;
- 110'x29' chalan plat fòs ayeryen an asye;
- 30'x15' chalan plat pyano an asye; ak
- 100'x29' chalan dechaj an asye.

An 2018, materyèl ki te deplwaye nan resif atifisyèl Hempstead, Moriches, Rockaway, Shinnecock, Smithtown ak Fire Island anba inisyativ Gouvènè a te gen ladann 8,805 yad kib ansyen materyèl pon Tappan Zee, 13 ansyen bato Canal Corporation, 4,700 tòn

wòch dig, de (2) tibin NYPA 70-ton ak plis pase 170 tòn materyèl DOT, ki gen ladan tiyo asye, bandaj ak pout-l yo.

Biyolojis maren yo te dokimante kolonizasyon rapid nan lavi maren, enkli eponj, mou, briyozoyans, bènak ak anemòn yo, ki soti nan materyèl deplwaye ak pwason ki gen najwa asosye ak resif, tankou pwason nwa/totòg, bas lanmè nwa ak skip/pòji, sou materyèl deplwaye sou Inisyativ Resif Atifisyèl Gouvènè a nan dènye ane a. Pwofesè Brad Peterson, State University of Stony Brook Southampton, ap fè rechèch sou kwasans anba dlo sou materyèl resif ki fèk deplwaye sou Resif Shinnecock, pou ede avanse syans ak konpreyansyon resif yo ak benefis yo bay ekosistèm lan.

Swivi Sondaj ki fèt pa pwogram Resif Atifisyèl DEC a te dokimante yon ogmantasyon nan aktivite pechè sou sit Resif yo depi Inisyativ Resif la te kòmanse an 2018. Yon sondaj ki te konplete nan mwa Out 2018 te dokimante yon nonb rekò bato sou sit Resif de 369 bato nan yon sèl jou, twa (3) fwa plis pase nonb bato jou avan yo. Anplis de sa, yon nonb kwasan plonjè te vizite resif atifisyèl pou eksplòre bato ki fèk ajoute nan Canal Corporation ak materyèl Pon Tappan Zee. Chatè plonje lokal yo te itilize pa klib plonje Long Island yo te ajoute Tugboat Reliable ak Tender 6 sou Resif Shinnecock nan kalandriye destinasyon plonje chatè yo.

Konstrisyon premye resif atifisyèl New York la te fèt depi an 1949, epi dènye inisyativ sa a make tou premye efò kowòdone eta ap fè pou ranfòse avantaj anviwonmantal ak ekonomik konplè ki genyen nan resif atifisyèl yo. Agrandisman resif atifisyèl la pral ogmante divèsite biyolojik abita yo pou yon varyete pwason ak kristase, favorize divèsite biyolojik ak prezèvasyon anviwonman an, epi bay endistri lapèch rekreatif, lapèch espòtif, ak plonje yo bourad nan New York. Y ap plase materyo ki sèvi pou agrandisman resif la yon fason estratejik epi konstwi yo apati estrikti di, dirab tankou wòch, beton, ak tiyo an asye, epi abityèlman sou fòm eksedan oswa rès materyo yo netwaye pou retire kontaminan, pou elimine potansyèl efè sou lavi nan lanmè a anvan yo resikle yo nan sit resif yo. Lè materyo yo ak bato yo fin poze anba lanmè a, pi gwo pwason yo tankou pwason nwa, pwason lou nwa, mori, ak kado dete pral vin konstwi abita yo anndan nouvo estrikti yo, epi òganis ankwoutan yo tankou zuit, eponj, anemòn, koray, ak moule yo ap kole sou yo epi kouvri materyo a. Tank tan ap pase, estrikti resikle sa yo pral kreye yon abita ki prèske menm jan ak yon resif natirèl.

Kolonèl Tom Asbery, ki se Kòmandan Kò Lame Enjenyè Etazini Distri New York la te deklare, "MV Hudson kounye a anbake nan dezyèm karyè li epi li pral kontinye sèvis li pou nasyon an nan kreye abita maren ak bay opòtinite lwazi pou lapèch ak plonje. Mwen trè fyè de travay ekip leta a ak inisyativ federal ki pèmèt nou retire an sèvis yon bato anblematik nan flòt nou an apre 56 ane sèvis, ak itilize li pou benefis piblik la olyen li resikle pou feray".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman an, Basil Seggos, te deklare, "Apwòch inovatè Gouvènè Cuomo a pou agrandi rezon resif atifisyèl New York la se yon plan vizyonè ki pral kreye ekosistèm nan dlo pi an sante, pi dinamik ak divès epi an menm tan ranfòse ekonomi yo pou kominote kotye yo nan New York. Adisyon materyèl jodi a nan Resif Fire Island pral bay nouvo abita pou anpil espès maren, ogmante opòtinite lwazi pou espò lapèch rejyon an ak endistri plonje epi se dènye egzanp rekonesans Gouvènè a ke anviwonman nou an ak ekonomi yo lye etwatman".

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pwoteje anviwònman an ak fè pwomosyon ekonomi eta a nan kè tout bagay nou fè nan Depatman Transpò Eta New York la e nou fyè pou patisipe nan inovasyon Resif Atifyèl Gouvènè Cuomo a. Materyèl ki soti nan Kew Gardens ak pwojè pon Kosciuszko nou yo pral ede ankouraje yon ekosistèm maren divès, nan ogmante opòtinite lwazi ak ankouraje touris. Sa pa sèlman bon pou anviwònman an, men li se yon bon politik transpò tou".

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, "Otorite Enèji New York la ak Canal Corporation fyè pou yo jwe yon wòl nan ekspansyon kontinyèl resif atifisyèl Gouvènè Cuomo an sou rivaj Long Island yo. Re-itylizasyon inovatif materyèl fatra sa a pral revitalize yon resous kotyè kle epi amelyore vwa navigab yo ki ede kenbe lapèch, plonje lwazi, ak touris. Eta New York yon fwa ankò montre lidèchip nasyonal li sou pwomosyon dirabibilite anviwònman ak devlopman ekonomik".

Direktè Canal Corporation, Brian U. Stratton te di, "Nou kontan pou materyèl sa yo, ki te pati enpòtan nan enfrastrikti kanal Eta New York la, ka byen itilize yon lòt fwa. Amelyore lapèch ak pwomosyon nouvo sous rekreyasyon se nwayo misyon nou an".

Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan Matthew J. Driscoll te deklare, " Ane pase, yo te bay ansyen pon Tappan Zee yon nouvo vi lè yo te resikle asye ak beton li yo epi yo te itilize yo ankò pou Resif nan Fire Island ak lòt resif atifisyèl kotyè Long Island yo. Deplwaman jodi a ogmante inisyativ enpòtan maren sa a. Gouvènè Cuomo rekonèt ke antite eta k ap travay ansanm pou itilize solisyon kreyatif bon pou devlopman ekonomik ak pwoteksyon anviwònmantal".

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmantal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, "Mete resif atifisyèl sou Long Island se te yon lide inovatè e revolisyonè ki te pote yon nouvo kay ak kote pou pwason ki nan zòn nou an grandi. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, ak kòlèg mwen yo nan gouvènman Eta a pou envestisman kontinyèl ak ekspansyon resif sa yo".

Manm Asanble a Steve Englebright te deklare, "Sou Long Island, fon pòtyè nou yo ak dlo lanmè nou yo fèt sitou ak sab ak lòt sediman ki lach. Anba lanmè a, yon sifas solid sou ki yon plant maren oswa bèt ka grandi primòdyal. Se poutèt sa kreye resif ak re-itylizasyon asye ki soti nan ansyen pon ak lòt estrikti pwòp ki pa an sèvis ankò kapab kreye divèsite abita biyolojik maren ki bay kote pou lapèch ki gen kalite siperyè. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou inisyativ li pou kreye nouvo abita pou lavi maren grasa re-itylizasyon asye ak lòt materyèl".

Resous marin New York yo enpòtan anpil pou ekonomi Eta a, sa k ap sipòte prèske 350,000 djòb epi jenere plizyè milya dola atravè endistri touris, pèch, ak lòt endistri ankò. Plis pase 500,000 pechè nan rejyon an pral pwofite de avantaj inisyativ sa a, ki ap sipòte ekonomi marin rejyon an ki ap devlope ki reprezante apeprè 9.7 pousan nan Pwodwi Enteryè Brit (Gross Domestic Product, GDP) total Long Island lan.

Pwogram resif atifisyèl New York se jis yon egzanjman angajman Gouvènè a pou restore ekosistèm maren yo ak ekonomi. Konbine avèk pi gwo akò ewolyèn olaj zòn kot yo, investisman rekò sou Fon Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Fund) ak Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act), yon entèdiksyon sou foraj olaj zòn kot yo, adopsyon pwojè lwa 'Bunker' a pou entèdi itilizasyon filè ak senn pou pwoteje espès fondamantal sa a, pwogrè kontinyèl Inisyativ Restorasyon Fwidmè Long Island la, ak anpil lòt pwogram pou pwoteje ak amelyore kalite dlo, efò Gouvènè a ap reyalize yon anviwònman maren pi pwòp ak pi bon pou tout moun New York.

Konstriksyon resif atifisyèl la fè pati [Inisyativ New York Ouvri pou Lapèch ak Lachas \(NY Open for Fishing and Hunting Initiative\)](#) Gouvènè Cuomo a, ki se yon efòk ap fèt pou amelyore aktivite lwazi pou pwofesyonèl espòtif fanm kou gason ki soti nan eta ak andeyò eta a yo ak pou estimile aktivite touristik toupatou atravè eta a. Ale sou sit wèb DEC la pou plis enfòmasyon sou [Pwogram Resif Atifisyèl la \(Artificial Reef Program\)](#).

[Gen kat, kowòdone sit la ak lòt enfòmasyon sou Resif Atifisyèl Eta New York \(PDF, 914 KB\)](#) yo ki disponib pou planifye vizit nan yon sit resif Eta New York.

Anvan w al vizite youn nan resif atifisyèl New York yo, tanpri gade Règleman ajou yo sou [Lapèch Rekreyatif nan Dlo Sale \(Recreational Saltwater Fishing Regulations\)](#). [Gade videyo konstriksyon resif atifisyèl DEC a](#) sou YouTube epi [apran plis enfòmasyon sou pwogram obsèvasyon benevòl nou an](#) sou sit entenet DEC a.

90yèm Anivèsè Jones Beach

Anpil evènman planifye pou wikenn anivèsè a nan pak lan ki mezire 976 ekta, ki sitiye sou yon zile baryè avèk plis pase nèf kilomèt plaj sab sou Oseyan Atlantik lan. Pak lan, Robert Moses te konsevwa a, te nan Rejis Nasyonal Sit Istorik yo (National Register of Historic Places) depi 2005 epi kounyeya li atire plis pase sis milyon vizitè pa ane.

Evènman yo enkli: yon vilaj kamyon manje, estrikti gonflab pou timoun yo, aktè an kostim epòk yo k ap flannen sou twotwa a; jwèt gazon; ak estasyon foto pou fè poukont ou yo pral mete kanpe dekoupe amizan ansyen inifòm anplwaye pak Jones Beach.

4 Out, frè pakin nòmal 10 dola a pral bese ak 50 santim, pou reflekte frè wikenn lan ane ke Jones Beach lan te ouvri a. Jou sa a, yo pral koupe yon gato anivèsè ki peze 400 liv epi yo pral distribye moso yo apati 11 a.m. nan Central Mall lan. Apresa, yo pral distribye 9,990 ti gato gratis nan tout pak lan.

Depi 2011, Pak Eta yo te konplete epi lanse plis pase 100 milyon dola nan pwojè yo pou restore grandè istorik Pak Eta Jones Beach lan, repare dega Gwo Tanpèt Sandy yo, atire nouvo vizitè epi kreye nouvo etablisman rekreyatif nan kad yon plan revitalizasyon sou plizyè ane anba Plan 2020 Pak New York Gouvènè a (Governor's NY Parks 2020 Plan).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)